



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETAP ENPÒTAN POU PASRÈL SOU RIVYÈ HUDSON LAN

Espas pou moun kanpe pou wè panorama yo ap ofri espas pou w wè Rivyè Hudson lan san baraj ak Mòn Catskill yo fini kounye a - Foto nouvo espas pou moun kanpe pou wè panorama a disponib [Isit la](#)

Anons kreyasyon “Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan” pral ede atire vizitè nan Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la ak Sit Istorik Eta Olana a

Konstriksyon pral kòmanse sou Wonpwen ki favorab a pyeton k ap konekte Zòn Lès la Pon Rip Van Winkle a rive nan Sit Istorik Eta Olana a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gran etap enpòtan yo atenn nan pwojè Pasrèl sou Rivyè Hudson lan (Hudson River SkyWalk), ki se yon santye pyeton panoramik ki lye de sit istorik ki pase sou Rivyè Hudson lan. Otorite Pon Eta New York la (New York State Bridge Authority) te konplètman rekonstwi twotwa ki mezire apeprè de kilomèt la sou Pon Rip Van Winkle a avèk adisyon twa espas pou moun kanpe pou wè panorama, chak mezire 50 pye nan longè ak 10 pye nan lajè. Espas pou moun kanpe pou wè panorama sa yo pral ofri popilasyon an panorama san parèy pou Rivyè Hudson lan ak Mòn Catskill yo.

“Pasrèl sou Rivyè Hudson lan afiche grandè Rivyè Hudson lan ak Mòn Catskill yo avèk fyète”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Pwojè sa a se yon egzant pafè ki montre patenarya piblik-prive ant eta a ak patnè lokal yo k ap pwomouvwa yon eleman inik nan istwa Eta New York la epi k ap kreye yon eksperyans etènèl pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Gouvènè a te lanse tou 3èm Faz pwojè 14.6 milyon dola a, li te anonse nan kad inisyativ touris li a nan Diskou Eta Leta ane sa a. 3èm Faz la pral itilize 8 milyon dola pou Depatman Transpò Eta New York a (NYS Department of Transportation) konvèti kafou sou Route 9G ak Route 23 nan vil Greenport la, Konte Columbia a, pou l vin tounen yon wonpwen ki favorab a pyeton ki pral ofri touris yo yon koneksyon dirèk soti nan pwen lès Pon Rip Van Winkle a pou ale nan Sit Istorik Eta Olana a (Olana State Historic Site). Yo pwograme finisman sibstansyèl 3èm Faz la pou otòn 2018 la.

Pou ede komèsyalize atraksyon touris rejyonal la, Gouvènè Cuomo te anonse kreyasyon Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan avèk 225,000 dola nan Fon Market NY

te akòde Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la (Thomas Cole National Historic Site) nan kad Aplikasyon Finansman Konsolide 2017 la (2017 Consolidated Funding Application) atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Distri Kapital la (Capital District Regional Economic Development Council). Prim sibvansyon finansman Market NY la pral ede pote atansyon nan destinasyon entènasyonal sa nan yon fason konsiderab atravè yon kanpay piblisite kowòdone, ekspozisyon espesyal, rechèch vizite kowòdone ak evènman espesyal, ki gen ladan Festival Atizay Pasrèl la (Skywalk Arts Festival).

Pou amelyore Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan, toude sit istorik sa yo te kowòdone pwogramasyon yo pou kay istorik yo ak estidyo yo ka ouvri lè samdi ak dimanch nan mwa Mas la, ak vandredi rive dimanch kòmanse 30 Mas (eksepte Dimanch Pak la, k ap 1e Avril la). Tèren nan toude sit yo ouvri pandan tout ane a.

Kòmanse 1e Me, Sit Thomas Cole la pral ouvri pou sezon an soti madi rive dimanch. Kòmanse 19 Jen, Olana a pral ouvri pou sezon an soti madi rive dimanch. Enfòmasyon adisyonèl sou vizite yo disponib sou www.olana.org ak www.thomascole.org.

NYSDOT pral òganize yon pòt ouvèt pou prezante konsèp preliminè pou wonpwen an jedi 22 Mas soti 6 è p.m. rive 8 è p.m. nan Sant Akademik Pwofesyonèl (Professional Academics Center) Columbia-Greene Community College la ki sitiye nan 4400 Route 23 nan Hudson. Pòt ouvèt sa a pral mete aksan sou plan konseptyèl ak eleman pwojè a yo, ansanm ak pwogramasyon pwojè a. Patisipan yo pral gen opòtinite pou yo aprann plis sou pwojè a epi nou ap ankouraje popilasyon an pou yo patisipe.

Nan kad depans 6.275 milyon dola pou 2èm Faz la, inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la (Capital Region Regional Economic Development Council) te akòde Konte Greene lan 875,000 dola nan prim sibvansyon Aplikasyon Finansman Konsolide 2016 la atravè Pwogram Revitalizasyon Bò Rivaj Lokal yo (Local Waterfront Revitalization Program). Yo te bay prim sibvansyon an pou ede konstwi twa espas pou moun kanpe pou wè panorama epi konsevwa ak konstwi yon twotwa ki soti nan Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la rive nan Pon Rip Van Winkle ki pral fini nan otòn 2018 la. Otorite Pon Eta New York la te ofri 5.4 milyon dola nan fon kapital anvè 2èm Faz pou reyabilite ak rekonstwi tout twotwa nèt ak ranp sekirite sou Pon Rip Van Winkle a, pandan y ap ajoute twa nouvo espas pou moun wè panorama yo.

Direktè Egzekitif Otorite Pon an, Joseph Ruggiero te deklare, “Sipò Gouvènè Cuomo te ede pwojè sa a atenn yon etap enpòtan anpil epi li te pèmèt li pwogrese ale nan pwochèn faz la ki pral benefisye popilasyon an ak tout rejyon Catskill-Hudson Valley a nèt. Otorite Pon an atann pou l kontinye travay kòt a kòt ak tout patnè kominotè yo pou nou asire pwojè sa a reyisi”.

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York, Paul A. Karas, te deklare, “Nouvo enfrastruktir transpò sa a pral fè plis moun sikile san danje soti yon kote pou ale yon lòt kote, Pasrèl sou Rivyè Hudson lan pral konekte de sit kiltirèl enpòtan, k ap atire plis vizite ki vini non sèlman vizite sit istorik sa yo, men tou pou yo wè bote vale Rivyè Hudson lan epi jwi tout sa li gen pou l ofri yo. Lidèchip Gouvènè Cuomo ap itilize amelyorasyon nan wout ak pon yo pou yo estimile ekonomi lokal yo, amelyore sekirite ak aksè pandan l ap reyanime kominote nan Rejyon Nò yo”.

Rose Harvey, Komisè Pak Eta yo (State Parks), te di, “Kreyasyon Pwojè Pasrèl sou Rivyè Hudson lan se yon refleksyon sou angajman gouvènè a pran anvwè agrandisman opòtinite lwazi anplennè yo pou Nouyòkè yo tankou vizitè yo. Yon fwa li fini, nouvo koneksyon pou pyeton sa a pral lye ak Santye Empire State la epi ofri menm plis wout panoramik pou tèren pitoresk ak gran mezon Sit Istorik Eta Olana a ak plis ranfòse sektè touris la toupatou atravè rejyon an”.

Senatè George Amedore te deklare, “Pasrèl sou Rivyè Hudson lan tabli yon koneksyon enpòtan ant de sit istorik ki te jwe yon wòl entegral konsa nan istwa rejyon an. Anmenmtan, l ap ofri yon pi bon opòtinite pou rezidan tankou vizitè yo pou yo jwi yon bote natirèl enkwayab rivyè a ak zòn ozalantou li yo”.

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, “Yo ka trase nesans premye mouvman atizay Amerik la, epi san dout, ansanm nesans premye konsyans konsèvasyon tèren nan Amerik la a, espas mayifikman bèl sa a nan rejyon Hudson Valley a kote pent peyizajis Thomas Cole ak Frederic Church yo chak te gen kay yo bò rivyè a youn opoze a lòt. Deziyasyon sa yo bay Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan k ap konekte de sit istorik sa yo se yon rekonesans apwopriye pou lokalite ikonik sa a ak panorama enspirasyonèl li yo”.

Sean Sawyer, ki soti nan Washburn ak Susan Oberwager ki se Prezidan The Olana Partnership a, te deklare, “Pasrèl sou Rivyè Hudson lan pral yon pasrèl inik nan mond lan. Se sèlman isit la vizitè yo ka travèse ant de kay ak estidyo ki te pou de atis ki gen renonmen entènasyonal ak viv eksperyans panorama ki bay nesans a konsyans anviwonmantal ak atizay Ameriken an”.

Elizabeth Jacks, ki se Direktris Egzekitif Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la, te deklare, “Yon istwa ki gen prèske desan zan te konekte de sit istorik sa yo - k ap reprezante Thomas Cole ak Frederic Church. Avèk konstriksyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan, koneksyon istorik ak tematik sa pral vin reprezante an beton ak an asye. Kounye a, se objektif nou pou nou tabli koneksyon sa a devan rega piblik la tou, pou yo ka wè Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan kòm yon sèl destinasyon espektakilè inifye”.

Prezidan Konte Lejislatif Greene, Kevin Lewis, te deklare, “Avèk èd lidèchip Gouvènè Cuomo, pwojè Pasrèl sou Rivyè Hudson lan pral yon jwayo kouwòn k ap atire anpil milye touris nan zòn lan chak ane pou vin wè moniman istorik nou yo ak bote natirèl zòn lan”.

Prezidan Konsèy Administrasyon Vilaj Catskill la, Vincent Seeley te deklare, “Pwojè Pasrèl sou Rivyè Hudson lan, anba lidèchip Gouvènè Cuomo a, te vin tounen reyalyite epi li pral yon ranfò pou kominote yo ki sou toude bò rivyè a yo lè l fini”.

Sipèvizè Vil Greenport la, Kathleen Eldridge te deklare, “Sa pral yon destinasyon mèveye pou tout moun k ap vizite bèl rejyon nou an epi nou ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou devouman l pou li ka rann pwojè sa a posib. DOT ak patnè Eta nou an yo te koute bezwen ak sigjesyon kominote yo trè byen”.

Otorite Pon Eta New York la

Otorite Pon Eta New York la opere pon Bear Mountain, Newburgh-Beacon, Mid-Hudson, Kingston-Rhinecliff ak pon Rip Van Winkle epi yo se pwopriyetè epi yo

responsab antretyen estrikti Pasrèl ki pase sou Pon Hudson lan. Otorite a te finanse prensipalman apati peyaj pon yo epi yo pa te resevwa lajan taks eta a ak federal pou antretyen ak operasyon pon an.

Olana ak The Olana Partnership

Olana se pi gran chedèv Frederic Edwin Church (1826-1900), ki se atis Ameriken preyeminan nan mitan 19èm Syèk la. Church te konsevwa Olana kòm yon anviwonman olistik k ap entegre ide avanse li te gen sou atizay, achitekti, konsepsyon peyizaj, ak konsèvasyon anviwonmantal yo. Peyizaj Olana yon atis konsevwa ki mezire 101 ekta avèk yon kay ki te enspire apati achitekti peyi Lapès osomè li anbrase yon panorama san parèy pou wè Hudson Valley ak Mòn Catskill yo epi jodi a, l ap akeyi plis pase 170,000 vizitè chak ane.

Sit Istorik Eta Olana, ki se yon sit istorik Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Rejyon Taconic lan, se yon Moniman Istorik Nasyonal yo deziyen epi se youn nan sit yo plis vizite nan eta a. The Olana Partnership a, ki se yon kòporasyon san bi likratif prive, travay an kowòperasyon ak Eta New York la pou sipòte restorasyon, konsèvasyon, ak entèpretasyon Sit Istorik Eta Olana. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Olana ak The Olana Partnership a, tanpri vizite www.olana.org.

Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole

Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la se yon òganizasyon inovatè ki prezante yon egzibisyon espesyal penti peyizaj 19èm syèk, enstalasyon atizay kontanporè yo, ak prezantasyon videyo imèsiv ki rebay kay orijinal la ak estidyo yo Thomas Cole la, ki se fondatè Lekòl Atizay Rivyè Hudson lan, ki se premye gran mouvman atizay nasyon an, lavi. Sit la sitiye sou 2.4 ekta tè nan Hudson Valley a, li gen ladan Kay Prensipal la (Main House) ki date an 1815; Ansyen Estidyo Cole la, ki date an 1839; bilding Nouvo Estidyo yo te rekonstwi resaman; ak panorama Mòn Catskill yo. Se yon moniman Istorik Nasyonal epi yon espas ki asosye ak Sistèm Pak Nasyonal la. Aktivite nan Sit Cole la yo gen ladan pwogram inovatè piblik tankou Santye Lekòl Atizay Rivyè Hudson lan—yon kat jewogafik entèaktiv ak yon sitwèb k ap pèmèt vizitè yo vizite kote yo epi wè menm panorama Cole ak Church te desine yo. Objektif tout pwogram nan Sit Cole la se pou pèmèt vizitè yo jwenn siyifikasyon ak enspirasyon nan lavi ak travay Thomas Cole. Tèm Cole te eksplòre nan atizay ak ekriti li yo –tankou prezèvasyon peyizaj ak konsepsyon nou genyen de lanati kòm yon pouvwa rejeneran– ki alafwa istorik ak entanporèl, k ap ofri opòtinite pou konekte odyans ak konesans ki vrèman apwopriye pou pwòp lavi yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Sit Thomas Cole la, tanpri vizite www.thomascole.org. Sit Thomas Cole la se yon pòtay pou antre nan Great Northern Catskills. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite www.greatnortherncatskills.com.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)